



Ap teereep tektal ngir imiggere yi nek New York

Keepë ku dëkk New York dina muna faju ak am taxawu ci diam te dara duko ci fekk



NDIMBAL CI WALU YOON CI IMIGARASION

Woteel ActionNYC ci **800-354-0365**, altine ba ajuma, juroom ñeent waxtu ci suba ba juroom been waxtu ci ngoon te do fay dara, ngir am ndimbal ci walu yoon ci imigarasion. Amal ndimbal bu bayeko ci tewalkat bu woor wala ap nitt bu ñu nagul xam xamam.



TAXAWU JABOOTU IMIGGERE YI

Saam wergu yaram

- Def say niaku, fadju, saytu, wala fecc COVID-19 du aju dara ci li nga doon imiggere. Gissal barabu saytukaay bila gënë diege te do fay dara ci nyc.gov/covidtest wala wootel ci **212-COVID19 (212-268-4319)**.
- Bindul ci assuranss ci walu weergu yaram, amna ci yoodul fay dara ci nyc.gov/getcoverednyc wala wootel ci **311**. So bokul ci ñi wara am assuranss, NYC Care di nila taxawu ak pay bu neew wala do fay dara. Li nga doon imiggere amul solo. Wootel ci **646-NYC-Care (646-692-2273)** wala demal ci nycare.nyc.
- Da nga tiit wala nga diaxle? Waxtanal ak beenë digalkaatu NYC Well ngir am ap taxawu ci sutura ak jokalela ak ñiiy facc feebaru xeel ak ñila muna taxali ak dorog. Demal ci nyc.gov/nycwell, wootel **888-NYC-Well (888-692-9355)**, wala bindal WELL ci **65173**.

Njang

- Beepë xalee bu am ñeent att dina muna boku ci Pre-K bi ak dugu ci ekool pubilik ba bi ñuy amee niar fuku ak beenë att. Ci ay goox “3-K” dina am ngir xalee yi am niati att. Ngir bindu, demal ci schools.nyc.gov/enrollment wala wootel ci **311**.
- Njang angalee te do fay dara ak We Speak NYC. Sa angale su tanee di nga muna dem ci wespeaknyc.cityofnewyork.us ngir bindu ci ay kalaas ci enternet.



Ay niam ci lu gaaw

- Amna ay barap yuy joxe ñam yu amul mala, halal, ak leku kaseer ci NYC. Indil ñam ci sa kër dina muna neek ngir wa New York yiko yeloo. Xam ci lu gënë bari ci nyc.gov/getfood wala wootel ci **311** tee nga wax “Get Food.”

AAR KARANGEE ASKAN WI

Karangee askan wi

- Ci yoon, NYPD manul lacce ndax imiggere nga suñu la defe ay ñaawtéef, nga neka seedee, wala ay nitt yuy saku ndimbal. Beppa nitt buñu def ap ñaawtéef wala neka seedee ñaawtéef nanga woote ci **911**.

Aarate ci Wàllu Beddi

- Booddeku, xoxatal, ak fitnal ci ap nitt ndax deram, dineem, wala limu neek imiggere dess ñuko baalee ci goxu New York. Ngir bole fitnal wala booddeku wootel ci NYC Mbootay biy seyту аq ak yelleefu domu adama ci **212-416-0197**.

IDNYC

- IDNYC moy ap kart didantitee ak nataal bodul fayee dara ngir keepa kuy yeewoo NYC te am fukki at ak luko ëpp ak dila taxa diot ci ay njariñ ak ay waañi. Xibaari yi ci ñiiy lacc IDNYC dina nekk sutura. Sa nekinu imiggere amul solo. Yeestal ko ci enternet bi wala nga diël randeewu ngir bindu ci nyc.gov/idnyc wala wootel ci **311**.



Ay aar ngir moytu ay metital ci kër yi

- Goox bi mo ngi fii ngir dimbalila su feke dañu lay metital. Mun nga dem ci nyc.gov/nychope wala wootee Metital ci Kër yi bu NYC ci liiñ bi **800-621-HOPE**.

AMNGA AY YELLEEF

Xamal say yelleef ak ICE (Doxalap yoon ci walup imigarasion)

- Gox bi du topato doxalap yoon ci walup imigarasion. Sula doxalap yoon ci walup imigarasion bu makk bi djegee, am nga ay yelleef. Demal ci nyc.gov/knownyourrights wala woowal ActionNYC ci **800-354-0365** ngir am ndimbal ci walu imigrasion ci yoon

Yellefu Locateer

- So neke ap lokaateer ci been sitee wala nga soxla ndimbal ci jafe-jafe yi ci wallu geenee wala ak kila luwee, demal nyc.gov/tenantprotection wala wootel ci **311** ak waxal “tenant helpline” ngir am ndimbal ci walu yoon. Ngir am yeneen ndimbal ci waalu dëkuwaay demal ci nyc.gov/housing.

Yelleefu liggeykaat yi

- Am nga yellefu am payoor soo febaree ci lu dëppoo ak sartu New York. Sa nekinu imiggere amul solo. Imiggere wu New York yi am sañ-sañu liggeey dinañu yeeloo am amu assuranss so niaka sa liggeey. Demal ci nyc.gov/workers ngir am ci yeneen xibaar wala wooteel ci **212-436-0381**.

Liiñu Ask MOIA

- So amee ay laaj ci imigarasion wala ci noy diotee ci njariñu Gox bi, ndimbal ci suñu laakk dina fi am. Wootel Burop Meer biy topato Mbiru Imigarasion (MOIA) ci liiñ bi **212-788-7654** altine ba ajuma, ci juroom ñeent waxtu ci suba ba juroomi waxtu ci ngoon wala bataaxal ci internet askmoia@cityhall.nyc.gov.

